

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data panalungtikan ngeunaan modél *Talking Stick* dina pangajaran maca dongéng ka siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023, bisa dicindikkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh siswa dina maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* hasil rata-ratana nyaéta 62,09. Dumasar kana katégori siswa anu meunangkeun peunteun anu <75 siswa dianggap can tuntas dina maca dongéng. Dumasar kana aspék-aspék maca dongéng diantarana, aspék jenis saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (alus), kalayan rata-rata 1,8 tina peunteun maksimal 2, dina aspék palaku saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (cukup), kalayan rata-rata 3,2 tina peunteun maksimal 6, dina aspék latar saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (cukup), kalayan rata-rata 3,1 tina peunteun maksimal 6, dina aspék téma saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (alus), kalayan rata-rata 1,6 tina peunteun maksimal 2, dina aspék galur saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (sedeng), kalayan rata-rata 1,2 tina peunteun maksimal 2, dina aspék amanat saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (sedeng), kalayan rata-rata 1,4 tina peunteun maksimal 2. Ku kituna, bisa dicindikkeun yén kamampuh maca dongéng kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* kagolong can tuntas kalawan rata-rata 62,09.

Kamampuh siswa dina maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* hasil rata-ratana nyaéta 80. Dumasar kana katégori siswa anu meunangkeun peunteun anu > 75 siswa dianggap tuntas dina maca dongéng. Ti 31 siswa, aya 28 urang siswa anu dianggap tuntas dina maca dongéng. Dumasar kana aspék-aspék maca dongéng anu diantarana, aspék jenis sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (alus), kalayan rata-rata 1,9 tina peunteun maksimal 2, dina aspék

palaku sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (sedeng), kalayan rata-rata 4,3 tina peunteun maksimal 6, dina aspék latar sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (sedeng), kalayan rata-rata 4 tina peunteun maksimal 6, dina aspék téma sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (alus), kalayan rata-rata 1,96 tina peunteun maksimal 2, dina aspék galur sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (alus), kalayan rata-rata 1,96 tina peunteun maksimal 2, dina aspék amanat sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* kaasup kana katégori tuntas (alus), kalayan rata-rata 1,9 tina peunteun maksimal 2. Tina 31 siswa aya 28 siswa anu kagolong katégori tuntas, sedengkeun 3 siswa deui kagolong katégori can tuntas. Ku kituna, bisa dicindikkeun yén kamampuh maca dongéng kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* kagolong tuntas kalawan rata-rata 80.

Secara hasil geus katitén yén aya bédha antara rata-rata saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* dina kamampuh maca dongéng ka siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Pikeun validasi panalungtikan, unggal data di uji ngagunakeun uji normalitas anu satulunya di uji deui ngagunakeun uji hipotésis. Dumasar tina hasil normalitas *Shapiro-wilk* nyaéta 0,220 jeung 0,080 atawa leuwih ti 0,05 nu hartina H_1 ditarima, jeung H_0 ditolak. Ku kituna bisa dicindekkeun yén distribusi data normal. Pikeun maluruh naha aya bédha rata-rata tina dua data anu geus kapaluruh téh signifikan atawa henteuna diperlukeun uji hipotésis ngagunakeun *Paired Sample Test*. Hasil statistik dina *Paired Sample Test* katitén yén *Sig (2-tailed)* nyaéta 0,000. Kusabab peunteun 0,000 kurang ti 0,05 nu hartina H_0 ditolak jeung H_1 ditarima.

Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta aya bédha anu signifikan kana kamampuh maca dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* siswa di kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2022/2023. Hartina ieu modél téh cocog pikeun pangajaran maca dongéng.

5.2 Implikasi

Sabada dilarapkeun ieu modél *Talking Stick* dina pangajaran dongéng siswa bisa leuwih aktif, sumanget, jeung fokus dina maca dongéng. Modél pangajaran

Talking Stick ogé bisa ngawangun gawé bareng sasama babaturan. Salian éta modél pangajaran *Talking Stick* ogé bisa mantuan guru pikeun ngungkulan pasualan pangajaran maca dongéng nu katitén dina hasil rata-rata peunteun siswa sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* leuwih gedé dibandingkeun saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick*. Bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *Talking Stick* téh méré implikasi anu hadé pikeun pangajaran maca dongéng.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu bisa ditepikeun dina ieu panaluntikan sangkan panalungtikan anu satuluyna bisa leuwih alus sarta aya kamajuan dina prosés diajar jeung ngajar saperti ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Talking Stick* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran maca, hususna maca dongéng.
- 2) Pikeun panalungtikan satuluyna dipiharep maham leuwih asak kana léngkah-léngkah modél pangajaran *Talking Stick*.
- 3) Dina ayana ieu panalungtikan, dipiharep modél *Talking Stick* dina pangajaran maca dongéng atawa pangajaran séjénnna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran maca leuwih alus kalawan maké modél pangajaran, hususna modél pangajaran *Talking Stick*.